# Mwana waHumpty Dumpty



Nyaya yakatorwa kubva muHumpty Dumpty yaW.W. Denslow

HOPE Hear

**Million word gap project**

## Children whose parents read to them have heard 30 million more words before they start school. Help your children prepare for school.

The Hope-Hear Million word gap project by
Hope-Hear NPC, 2024 / 064699 / 08
is licensed under a Creative Commons Attribution -
Non-Commercial 3.0 Unported License

www.hope-hear.org
#HOPE-learn

# Illustrated by

## Robyn van Zijl

# Translated by

## Elsa Tariro Wadi


Humpty- Dumpty Mudiki aive zai rendenderedzwa rakatsetseka raive ne nyemwerero ine mufaro pamwe nemwoyo wakanaka. Airatidza kusava nebasa nezvakawanda hake.



Humpty-Dumpty pose paaienda kunovata aiwanzofunganya kuti achadodha obva apwanyika kagoko kake kakatetepa. Aishuwira kuti dai aive akasimba kubva mukati-mukati kubuda kunze nekuti pose paaimhanya ainzwa hana yake kurova zvisingaite.

Akaronga kushanyira Sheshe Nhema nekuti pamusoro pekuchenjera aiziva zvaaifanira kuita nedambudziko rake.

“Baba vako,” akadaro Sheshe Nhema, “vaive zai benzi raive nenharo airamba kupihwa yambiro nani zvake. Kunotori nenziyo maringe navo yekuti:”



“Humpty- Dumpty akagara pachidziro
Humpty Dumpty akawa zvikuru.
Madzibaba nemadzimai akachenjera ose
akatadza kumubatanidza zvakare
sezvaaiva.”

“Saka unoona kuti baba vako vakawa nekuda kwekuti vaive nemusikanzwa vasingatereri chero ani zvake.”

Vakapedzisira vamwararidzika pasi zvaisiririsa chose.”



“Saka iwe zvaunofanira kuita,” akadaro Sheshe achipukuta misodzi pachiso chake chakapfava, “unofanira kuenda kumba kwaMai Murimi muvakidzani wangu, wovakumbira kuti vakukwatise mupoto ine mvura yakapisa. Ganda rako rakati womei saka zvichange zvisinganyanye kurwadza. Paunodzoka uchaona kuti unenge wava nehushingi, wasimba zvikuru uye uchakwanisa kukunguruka madiro kusvika moyo wamira nekuti unenge wanyatsooma wakutsvedzerera uyezve unenge usisapwanyike.

Naizvozvo, Humpty akakunguruka akananga kumuvakidzani uye ndokuita sezvaakange audzwa. Mai Murimi vakamubatsira nemufaro.

Vakamuisa mumvura akapfeka mucheka une mavara-mavara kuitira kuti paaizobuda ange akanakisa sezai repa pasika.



Mvura yakapisa yairwadza pakutanga asi mushure mechinguva Humpty akange atoijaira. Akafadzwa nehushingi wake hwanga hwakuita uchiwedzera nenguva.

Apedza kukwatiswa, Mai Murimi vakasunungura mucheka uye Humpty ndokusvetuka achibuda. Mucheka uye wainge wamuisa mavara matsuku anobwinya makuru muviri wose kubva kumusoro kusvika kutsoka. Ainge akuita kunge mutambi mukuru zvino!




Mai murimi vakaseka zvavo vachiona achisvetuka svetuka kubva kuchitofu kusvika kufiriji nemufaro. Apedza kutenda nemoyo wese, akasvetuka achibuda nepafafitera nekurembera pamutariko wehembe sezvo aive akunakidzwa nemushana wehupenyu hutsva.

Humpty akashanya kwakasiyana siyana achisiya wese waainge asangana naye achifara.

Aiunza mufaro nemanyukunyuku kune vose vakuru nevadiki kuburikidza neunyanzvi hwake pakutamba.



Vanhu pavaimuona achitamba vaitombokanganwa nhamo dzavo kwenguva iyoyo.



Humpty aisarega kurumbidza Sheshe Nhema naMai Murimi kwose kwaaienda nekuda kwekuti vakamutangisa hupenyu hutsva kubva mukusuwa pamwe nemwoyo wakanaka waifadza nekunyaradza vakawanda.